

Eta New York

Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye

Enfòmasyon pou Mèt Kay ak Mèt Pwopriyete – Lis Dokiman

Pwogram Asistans Dijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) Eta New York la ap ede fanmi ki kalifye yo ki an reta nan lwaye yo ki gen difikilte finansye poutèt COVID-19 e ki riske vin san kay oswa pa gen lojman estab.

Lè y ap fè demann, mèt kay ak mèt pwopriyete yo ap gen pou bay:

- **Fòmilè taks W-9** ranpli.
- **Kontra lokasyon siyen** avèk lokatè kandida a, oswa si pa gen kontra lokasyon ekri, yon chèk anile, prèv transfè fon oswa lòt dokimantasyon dènye peman lwaye mansyèl total la.
- **Dokimantasyon lwaye lokatè a dwe** (paregzanp gran liv, elatriye) oswa atestasyon sou demann nan.
- **Enfòmasyon bankè** pou resevwa peman depo dirèk.

Mèt pwopriyete a oswa yon konpayi jesyon pwopriyete otorize ap gen pou siyen fòmilè demann nan ak sètifikasyon ki asosye avè l yo ki di li dakò enfòmasyon yo bay yo, sa gen ladan montan aryere lwaye ki dwe yo, kòrèk e pa double yon peman li te resevwa nan yon lòt pwogram.

Mèt pwopriyete a oswa konpayi jesyon pwopriyete otorize a dwe dakò tou ak kondisyon ki annapre yo pou aksepte peman aryere lwaye yo:

- Peman ERAP la satisfè obligasyon lwaye total lokatè a pou peryòd peman an kouvri an.
- Renonse a tout frè reta ki dwe sou nenpòt aryere lwaye peman ERAP la kouvri.
- Pa ogmante montan lwaye pa mwa a pi wo pase montan pa mwa ki dwe nan moman demann pou asistans ERAP la pou mwa li resevwa asistans la ak pou yon ane apre li fin resevwa peman ERAP la.
- Pa fè fanmi an degèpi poutèt moun peman ERAP la fèt nan non li an pou rezon kontra lokasyon ki ekspire oswa chèk lwaye an reta pandan yon ane apati de lè li resevwa peman ERAP la. Y ap fè eksepsyon nan kondisyon sa a si inite lojman an gen kat inite pou piplis epi mèt pwopriyete a oswa manm fanmi pwòch pwopriyete a gen lentansyon vin rete nan inite a touswit kòm rezidans prensipal.